

ice wedging	kwen glas	pwosesis degradasyon mekanik ki fèt lè dlo a jele nan fant wòch yo epi epi li devlope, sa ki lakòz wòch yo kase.
igneous rock	wòch igne	wòch ki fòme lè magma oswa lav la refwadi epi vin solid.
immune system	sistèm iminitè	gwoup konplèks defans ki pwoteje kò a kont patojèn yo—pami gwoup sa a, genyen sistèm tegimantè ak sistèm respiratwa, sistèm dijestif ak sistèm sikilatwa.
impact basin	basen enpak	yon kre ki rete sou sifas lalin akòz yon objè ki touche sifas li.
impermeable	enpèmeyab	dekri matyè dlo pa ka travèse.
imprinting	anprent	fèt lè yon zannimo fòme yon atachman sosyal nan yon lòt òganis pandan yon peryòd espesifik ki vin apre akouchman oswa enkibasyon.
incandescent light	limyè enkandesan	limyè ki pwodui lè yo chofe yon metal, anjeneral toungstèn, pou jouk li vin wouj.
inclined plane	plan encline	machin senp ki gen ladan yon sifas an pant, tankou yon ranp, ki diminye kantite fòs nesèsè pou leve yon objè lè yo ogmante distans kote fòs la aplike a.
incoherent light	limyè enkoyeran	limyè ki genyen plis pase yon longèdonn, epi ki pwopaje nan anpil direksyon avèk krèt ak kre li yo ki pa aliye.
incomplete dominance	dominans enkonplè	pwodiksyon yon fenotip ki entèmedyè ant de (2) paran omozigòt.
independent variable	varyab endepandan	faktè ki afekte mezi yon lòt varyab lè li chanje.
index fossils	endis fosil	rès espès ki te egziste sou latè pandan yon peryòd tan relatif, ki te abondan ak

		jeneral jeyografikman; byolojis yo ka itilize yo pou detèmine laj kouch wòch yo.
index of refraction	endis refraksyon	pwopriyete yon matyè pou endike kantite limyè ki diminye lè limyè a travèse matyè a.
indicator	endikatè	konpoze òganik ki chanje koulè nan asid ak baz.
inertia	inèsi	rezistans yon objè nan yon chanjman mouvman li.
infectious disease	maladi enfektye	maladi moun pran akòz yon viris, bakteri, mikoz oswa pwotis ki gaye ant yon òganis oswa anviwònman enfekte ak yon lòt òganis.
infrared waves	onn enfrawouj	onn elektwomayetik ki gen yon longèdonn ant apeprè yon milimèt ak 750 bilionnyèm mè.
inhibitor	inibitè	sibstans ki ralanti reyaksyon chimik oswa ki pa kite li melanje avèk yon reyaktan.
innate behavior	inibitè natirèl	konpòtman yon òganis genyen depi li fèt epi òganis lan pa gen pou aprann konpòtman an, pa egzanp, reflèks oswa ensten.
inorganic compound	konpoze inòganik	konpoze tankou H ₂ O (dlo) ki fòme nan eleman ki diferan ak kabòn epi atòm konpoze sa yo konn ranje nan yon sèl estrikti.
insight	entuisyon	fòm rezònman ki pèmèt zannimo yo itilize eksperyans pase pou rezoud nouvo pwoblèm.
instantaneous speed	vitès enstantane	vitès yon objè nan yon pwen alè; vitès sa a konstan pou yon objè k ap deplase avèk vitès konstan, epi li chanje avèk tan pou yon objè ki ralanti oswa k ap deplase pi vit.
instinct	ensten	modèl konplèks konpòtman

		natirèl, tankou tise yon twal areye, ki ka pran plizyè semenn pou konplete.
insulator	izolan	sibstans kote elektwon pa anmezi pou deplase fasilman.
integrated circuit	sikui entegre	ti fragman matyè semi-kondiktè ki ka genyen anpil milyon tranzistò, dyòd ak lòt konpoze.
intensity	entansite	kantite enèji ki sikile atravè yon sèten zòn nan yon kantite tan espesifik.
interference	entèferans	fèt lè de (2) oswa plis onn kwaze epi yo asosye pou fòme yon nouvo onn.
internal combustion engine	motè a konbisyon entèn	motè tèmik ki boule konbistib andedan li nan chanm oswa silenn.
intertidal zone	zòn entèdital	pati kòt ki anba dlo a mare wo epi ki ekspoze nan lè a a mare bas.
intrusive	entrisif	dekri yon kalite wòch igne ki genyen anjeneral gwo kristal epi ki fòme lè magma refwadi lantman anba sifas tè a.
invertebrate	envètebre	zannimo ki pa gen yon kolòn vètebral.
involuntary muscle	misk envolontè	misk, tankou misk kadyak, ki pa ka kontwole avèk konsyans.
ion	iyon	atòm ki chaje elektrisite; atòm sa yo pran chaj nan yon atòm ki pèdi oswa genyen elektwon.
ionic bond	lyezon iyonik	ataksyon ki fòme ant iyon ki chaje an sans kontrè nan yon konpoze iyonik.
ionization	iyonizasyon	pwosesis kote elktwolit yo disoud nan dlo epi yo separe an patikil ki chaje.
ionosphere	iyonosfè	kouch patikil ki chaje elektrikman nan atmosfè ki absòbe onn radyo AM (anplitid mono) lajounen epi ranvwaye yo lannwit.
isobars	izoba	liy ki trase sou yon kat

		meteyolojik ki konekte pwen ki gen presyon atmosferik egal; li endike tou pozisyon zòn wot ak bas presyon epitou li ka montre vitès van an.
isomers	izomè	konpoze ki gen fòmil chimik idantik men ki gen diferan estrikti ak fòm molikilè.
isotherm	izotèm	liy ki trase sou yon kat meteyolojik ki konekte pwen ki gen tanperati egal.
isotopes	izotòp	atòm menm eleman ki gen diferan kantite netwon.